ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№186 (23.594) ● 2017 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail1.ru adyghepsale.ru

● Нобэ Адыгэ фащэм и дунейпсо махуэщ

Адыгэ цей

Адыгэ цейуэ, цей гъуапэхуу
Къуршыщхьэ уэс чэсейр зи теплъэ,
Шууей ныбжьыщIэр уогъэгушхуэ,
Ущыгъщи, и лъыр зэщIэбгъаплъэу.

Уи кIэкъуащIитIри бзу дамэу
ШэщIащ, шыгъажэм ухыхьамэ,
Дахагъэ щапхъэм уримардэщ,
Жьы жэрми ухузогъадэ.

Пщыхьэщхьэ пшэплъым, нэхущ пшэплъым
УхабзыкIауэ арагъэнщ,
ЩIэптхьэкъур хэтми, зэ къыптеплъэр,
Къохъуапсэу узыщитIэгъэн.

Хьэзыр пщыкIуплIри загъэуардэу,
Щхьэж къэс иIэжу и къалэн,
Вагъуэ пщыкIуплIу бгъэм щолыдыр,
Хьыбарыжь куэд хуахъумэу тхыдэм.

Уи дыплIэхэр къурш лъагъуэ хужьхэу
ДэкIуей-къехыжу птонэхукI,
Нартыжь пэлъитэу ди лIыхъужьхэм,
Урашугъусэу укъокIуэкI.

ЗищIысыр бгъэунэхущ гъэрыплэр,
ГуфIэгъуи гуауи зэбнэкIащ,
Щхьэхуитыныгъэм нэхъ бгъэлъапIэ
ЩымыIэуи укъекIуэкIащ.

КъыщодэхащIи акъужь мащIэр,
Къыщыпкlэрихми гынымэ,
Къыптелъэщыхьурэ бын папщIэу,
Уихуакъым игу адыгэ анэм.

Адыгэ цейуэ, цей гъуапэхуу
Къуршыщхьэ уэс чэсейр зи теплъэ,
Шууей ныбжьыщIэр уогъэгушхуэ,
Ущыгъщи, и лъыр зэщIэбгъаплъэу.

Уи кIэкъуащIитIри бзу дамэу
ШэщIащ, шыгъажэм ухыхьамэ,
Дахагъэ щапхъэм уримардэщ,
Жьы жэрми ухузогъадэ.

Ди хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм
Я Iущагъ нурыр уэ къыпхопс,
Сэ усхуадами ди нэхъыжьхэм,
Кавказ лъэпкъ псоми хъуащ уекIупс.

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий ехъуэхъуащ школым и пэ къихуэ егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ

«Школым и пэ къихуэ егъэджэныгъэм пщIэ зыхуащI и лэжьакIуэхэ! Си гуапэу сыныбохъуэхъу ди IащIагъэм и махуэмкIэ, фIыщIэ фхузощI фи лэжьыгъэм, фи Iуэхур фIыуэ зэрыфлъагъуэм, фемызэшу сабийхэм фи нэIэ зэратевгъэтым папщIэ. Школым и пэ къихуэ лъэхъэнэращ сабийм и хьэлщэныр щызэфIэувэр икIи абы адэкIэ и гъащIэр зэрыхъунур куэдкIэ елъытащ гъэсакIуэм и Iущагъым, щIэныгъэм, зэфIэкIым, Iэщ Iагъэм фIыуэ зэрыхиущыкIым.

Уэныншагъэ быдэ, насып, жыджэрагъ, къызэрыгуэкIыу щымыт, ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ фи Iэщ Iагъэм екъулIэныгъэщIэхэр щывIэну сынывохъуэхъу», - итщ щыналъэм и унафэщым Инстаграмым щиIэ напэкIуэцым иралъхьа хъуэхъум.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, школым и пэ къихуэ егъэджэныгъэм республикэм къыщызэщIеубыдэ сабий мин 52-м щIигъу.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчётым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётым хэпльа иужькlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыхегъащ илъэсым и хэхъуэжькlэ плану ятельа сом мин 27902649,3-р сом мин 10541847,4-кlэ, е илъэсым и планым и процент 37,8-кlэ, гъэзэщIа зэрыхъуар, абы щыщу федеральнэ бюджетым къыхэкIа хэхъуэр хэмыту плану щыта 13162877,7-р гъэзэщIа хъуащ сом мин 3995384,0-кlэ, е процент 30,4-кlэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэщIхэр илъэс планымкIэ зэрауб зыхуа сом мин 30143344,8-м хухахащ сом мин 13419396,2-рэ, е процент 44,5-рэ, абы къыхэкIыу отчёт лъэхъэнэм кърИубыдэу дефицитыр сом мин 2877548,7-рэ хъуащ.

Ищхьэкlэ къыщыхьахэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ
Налшык къалэ
2017 гъэм фокIадэм и 22-м
№745-IП-П

Шынагъуэншагъэм хуолажьэ

● Абы дегъэпIейтей

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Тырныауэ къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъихьащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм къыщыхьуа къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжьыным, бжьыхьэ - щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхиубыдэм и гугъу умыщIи. А псом къарикIуэнум Iэхущ Iэпсэхэм нэхъ пасэу зыхуагъэхьэзырэ, шынагъуэу къыдэкIуэри куэдкIэ нэхъ мащIэ хъунущ, ауэ щыхьэукIи цIыхухэри хэкIуэдэнукъым».

Премьер-министрым и псалъэм адэкIэ къыщыхигъэщащ районым бжьыхьэ - щIымахуэ зэманымрэ бгы-лыжэ лъэхъэнэмрэ зыхуигъэхьэзырыным мыхьэнэ зиIэ ведомствэхэр, къуажэ унафэщIхэр кьулейсызыгъэзэн зэрызрамыгъэубгъун щыкIэм куууэ зэдгуплсысын зэрыхуейр къыхигъэбелджылыкIащ. «Къуажэ Iэтащхьэхэм я къалэнщ апхуэдэ лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну. Iуащхьэмахуэ районым илъэс псом и кIуэцIкIэ зи гугъу тщIы щынагъуэхэм хуэдэхэр зэрыщыщIэр нэтеувыIащ Налшык къалэ дэт гидрометаллургическэ заводыр зэдгъэIэпхъуэныжьыкIэ, щIыуэпсым зэран хуэмыхъуу вольфрам ангидридыр къызэрыщIах Iэмалыщ Iэхэр республикэм къыщыхэлъхьэныжьыкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ здынэсам, «2016 - 2025 гъэхэм КъБР-м экономикэм зыщегъэужьын», «Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ округым зегъэужьын» федеральнэ Iуэхугъуэхэм мылъкукIэ къыхэзыгъэнухэр убзыхуным.

Советым и зэIущIэм къыщапсэльам тепщIыхьмэ, гидрометаллургическэ заводыр здагъэIэпхъуэну зыхуагъэфащэ щIыпIэр иджыри зыхуей хуагъэзакъым, псы фIейр зэрагъэкъебзэж Iэмэпсымэхэр хьэзырлъэлъ лэжьыгъэм кърикIуэхэм.

Псалъэм папщIэ, Герхожан псымкIэ щыщхьэуIум и 14 - 15-хэм кьеха я кIэпсым хуэдэхэр Тырныауэ къалэм дяпэкIи щIэмыльэдэным хуэгъэзауэ псом япэу ялэжьыпхъэхэр зэфIагъэкIащ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий пщэрылъ къызэрыщищIам ипкъ иткIэ, псы Iуфэхэр ягъэкъэбзащ, я IэпсыР нэхъ зыхуэлъэ гуэрпIэхэр ягъэбыдащ, шэдыпсу щIэльэдар псэупIэхэм, Iуэхущ Iэпсэхэм я щыщынэхэм кърашащ, езы къалэм и щыIэкIэ-псэукIэр къызыхуэтыншэу зэтегъэувэжыным екъэлIауэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри зэфIагъэкIащ. Урысейм и МЧС-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и Iуэдамэ нэхъыщхьэмрэ республикэм Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ, гъэсэгъ хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ я гъусэу, ягъэхъызыщащ къэрал, муниципальнэ мылъкум хэлажьыгъэм кърикIуэхэм.

«Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъэсэгъэм я унафэщIхэр тепсэлъыхьащ бгы-лыжэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзырми. Мы зэманым а щIыпIэм щыIэ Iэнатlэ псоми я щытыкIэр, я лэжьэкIэр зыхуэдэр къапщытэ. Iуащхьэмахуэ и лыжэ къежэхыпIэхэр зэрагъэпэщыж. «Мир» - «Кругозор» станцитIым я зэхуакуэ дэлъ дэкIыпIэр ирагъэфIэкIуащ. Гулъытэшхуэ хуащI кьушащхьыкIэ цIыхухэм фэбжь ямыгъэгъуэтыным. «Iуащхьэмахуэ курорт» АО-м и мурадщI лэжьыгъэ псори зэфIигъэкIыу сезоныр щэкIуэгъуэм и 1-м къызэIуихыну, - жиIащ акционер обществэм и Iэтащхьэ **Беккаев Хьисэ**.

Азау хуейм автомобиль гъэувыпIэхэр къыщызэгъэпэщыным и Iэхуми гугъуэкьэр пыщIащ. «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркымрэ Эльбрус кьуаажэ администрацэмрэ хуагъэлъэгъуащ мы щIыпIэм автомобиль гъэувыпIэхэр къыщызэгъэпэщыжьым хуэгъэза лэжьыгъэхэм икIэщIыпIэкIэ яужь ихьэну.

Туристхэр шынагъэншэу Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщрагъэблагъэным и теухуауэ ирагъэкIуэкIыпхъэ Iуэхугъуэхэм я гугъу щищIым, щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ зэфIэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэхэм я япэ лъэхъэнэр зэрызэфIагъэкIар. Прохладнэ - Бахъсэн - Iуащхьэмахуэ федеральнэ автомобиль гъэгум щыщу ятIэпсхэм зэхакъута Iыхьи 4-р кьанэ щагъэуэ щымыIэу зэрагъэпэщыжащ. Дяпэкlэ я мурадщI Iуфэхэр гъэбыдэным елэжьыну, «Аламат» ресторанэр здэщыт щIыпIэм къыщегъэжьауэ Эльбрус посёлкэм и дыхьэпIэм нэс дэлъ гуэргур къызыхуэтынышэу зэрагъэпэщыжыну. Мы зэманым «Шхельда» альплагерым укIуэ мэхъу. Бахъсэн Ипщэ къужэр газкIэ къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным хуэгъэжынущ. КъэхъуэкъащIэхэм къытрагъэзэжьынымкIэ щыIэ шынагъуэр ягъэмэщIэн папщIэ, лъэныкъуищым зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъэгуг

Лъэпкъ куэдым къызэдащта

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Цейр нэм зыкъыщIэзымыдзэ фэхэм къыхащIыкIырт: морэ, фIыцIэ, щхъуэ хуэдэхэм. Хужь езыгъэдыну хуитыр пщыхэрат, ауэ адыгэпщхэр апхуэдизкIэ цIыху зэпIэзэрытти, IэщэкIэ мыхъумэ, цIыху къызэрыгуэкIэхэм фащэкIэ зыкъыхагъэщхэхукIыртэкъым.

Цейм и лъабжьэ щIэлъ джанэр Iэпкъ-лъэпкъым хуэфIу, бгым иувэу ядырт. И кIыхьагъыр ар зыщыгъыр къызыхэкIам елъытат: нэхъыбэм сантиметрипщIыкIэ лъэгужьым къыдэIэбейуэ къаГъувыЭрт, дин лэжьакIуэхэм ящыгъыр нэхъ кIыхьыт. Джанэр зыгъэдахэ Iыхьэхэм ящыщт пщэм и лъагагъкIэ, сантиметрипII-хыкIэ дэкIуей пщампIэ лъагэ дытар. Джанэр и гупэмкIэ, и кIыхьагъкIэ щIэзэгуокI, и бгым нэс ар щIыIу цIыкIурэ щIыIунэ щхьэхуэхэмкIэ уопхэ, апхуэдэ дыдэхэр Iэм хуэфIу да Iэщхьэм итщ. Джанэм бгъэ жып хуащI хабзэщ, зыфIэфIым бгым и щIагъкIи нэгъуэщI жып щIедэ.

ЩIалэ цIыкIум цейр апэ дыдэу хуадырт илъэсипщI-пщыкIытI щIыхьуам деж. КъыхэгъащIыпхъэщ адыгэ лъэпкъым къызэщIиубыдэ лакъуэ 12-м дэтхэнэ зыми и цей дыкIэ зэрилэжар, къызыхэщIыкIа щэкIым къулейр нэхъ хуэмыщIам къыхигъащIуэи зэрыщIатар.

Хьэзырылъэхэр цейм хэмытынкIэ Iэмал зимыIэ Iыхьэщ. Ар цIыкIу-цIыкIуу зэпыщхьэхукIа жып гупщ, пхъэм е къупщхьэ къыхэщIыкIауэ гънылъэ зыриз иIэжу. Гыныр къежьа нэужькIэ ар цейм кIэрадэн щыщIадзэр. Хьэзырхэр, нэхъ убгъауэ жыпIэмэ, «шэ хъэзырхэр», зэман лей имыгъэкIуэду шууейм и фочыр иуздыну Iэмал иIэн щхьэкIэ щIауэ аращ. Хьэзырхэм я бжыгъэм теухуауэ къэса хъыбархэм жаIэр зэщхьэщокI, нэхъыбэр 8-мрэ 10-мрэ я зэхуакъм (зы лъэныкъуэкIэ) къыщобжэ. Ауэ адыгэхэм зэпэмыбжьыр нэхъ зэрафIэкъабылым къыхэкIыу, блым е бгъум нэхъ трагъащIэ. Абы къикIыр - лъэныкъуитIри зэхэту пщыкIуплI е пщыкIуий мэхъу.

Цейм къыпхуугъэмыхьын Iыхьэу хэтщ абы щIэпха бгырыпхыр. Бгырыпхым сэшхуэр, кIэрахъуэр, къамэр, зэманым елъытауэ щIыIэ нэгъуэщI Iэщэхэри кIэрагъэзагъэ. КъищынэмыщIауэ, фочым уэзрелъэзн Iемэпсымэхэр: ар зэрыззэфIэпIуэнтIыкIыну гъущIымрэ щыпхэну дагъэмрэ. «Адыгэр шхэмк жейми и Iэщэр кIэрыщIащ, - етх Хъан-Джэрий, - аращи, ар зэкъуэхуауэ къыпIэрыпхэнукъым. Къамэ ямыIыгъыу къэзыкIухьыр щIалэ цIыкIу дыдэхэмрэ лIыжьхэмрэщ». Хъан-Джэрий зэрыжиIэмкIэ, дэтхэнэ адыгэми къыздрихьэкIырт бийр зэрипхыну кIапсэ, шэху уэздыгъэ, дыд, бгырыпх лей, жьакIэупс, джэбын.

«Кавказ Ищхъэрэм и бгырыбзу хъуами, къззакъэми Къэбэрдейм я Iэщэ-фащэри, шы тесыкIэри, хабзэри зэхэлъхащ, - етх урысей этнограф Вейденбаум Евгений, - абыхэм, замыгъэпсэхуу, къэбэрдей модэ щхьэзыфIэфIым темыплъэкъуKIыу зыдрагъэкIу, зэманым къызэрымыкъун щхьэкIэ».

XIX лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэм адыгэ цейр Кавказым къулыкъу Iэхуэкъ щыIэ къзакъэм я фащэу къащтащ. Ауэрэ адыгэ цейр Европэми нэсащ, революцэ нэжьым Урысейм иIэпхъуKIа урыс офицерхэм я фIыгъэкIэ.

Адыгэ бзылъхугъэхэм я фащэри пкъыгъуэ зыбжанэу зэхэлът: джанэкIэ, гъуэншэдж, джанэ, кIэ, цей. КъыхэгъэщIыпхъэщ фащэр гъэщIэрэщIэныжмкIэ, хэдыкIыныжмкIэ, уагъэ гъэхьэзырыныжмкIэ адыгэ цIыхубзхэр Iэпщlэлъапщlэ дыдэт, хъыджэбз цIыкIухэр жьыуэ зйы хуагъасэрт. Апхуэдэу абыхэм я бостейхэр пщампIэм къыщыщIэдзауэ - кIэ хуащIэм нэсыху тхьпхъэ гъэщIэгъэунэхэр хадыкIырт дыщэ, дыжьын IуданэкIэ. КъызыхэкIа унагъуэм емыльытауэ, дэтхэнэ пщащэми и фащэм щыщт гъущIым (уэркъ лакъуэхэм щыщ пщащэхэм папщIэ - дыжьыным) къыхэщIыкIа, гъэщIэрэщIа бгъэгуIупхъэмрэ бгырыпхымрэ. Уэркъ пщащэхэмрэ гуащэхэмрэ Iэмал имыIэу дыщэ пыIэ лъагэ ящхьэрыгт, абы и щхьэм Iэлъэщ къытелъыжу.

Адыгэ бзылъхугъэхэм гулыпэт щхьэхуэ хуащIырт пхъэ вакъэм. Абы сантиметр 20 и лъагагъыу урихьэлIэрт икIи цIыхубзыр зыщыщ лъэпкъым елъытат и вакъэм и лъагагъри. Пхъэ вакъэр щыщатIагъэр махуэшхуэхэм дежт.

XX лIэщIыгъуэм и пэхэм цIыхубз фащэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр игъэтащ, европей модэр Кавказ Ищхъэрэм къэса нэужь. Псом апэ унэгущащэм я дыщэ пыIэр зыщхьэрахащ, Iэгъуапэ кIыхьыр «пахащ», тхьпхъэр нэхъ мащIэ хъуащ, уеблэмэ, языныкъуэхэми я бостейр хамыдыкIыжьхэхэ хуауащ. Дауэ хъуами, дуней псом къызэрыщцIыхуу щыта адыгэ фащэр ди лъэпкъым ихъумэжыну, нобэм кIыгъэсыну хуэзфIэкIащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 28, *махуэку*

♦Адыгэ фащэм и дунейпсо махуэщ

♦Хьэщхьэрыпуэ узымебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Къэрал хабзэм теухуа щIэныгъэ зэгъэгъэуэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Атом промышленностым и лэжьакIуэм и махуэщ

♦1618 гъэм дунейм щыяпэу Брюссель ломбард къыщызэIуахащ.

♦1773 гъэм Пугачёв Емельян зи пашэ мэкъумэшыщIэ зауэм, 1775 гъэ пщIондэ екIуэкIам, щIидзащ.

♦1953 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Япэ секретару хахащ Хрущёв Никитэ.

♦1961 гъэм Сирием дзэм зыкъыщIатэрэ, Хьэрып Республикэ Зэгуэтым къыхэкIащ Сирие Хьэрып Республикэр.

♦2009 гъэм Индием и хьэрш аппарат «Гранд Райан 1-м» Маззм псы зэрыщIэр къихутащ.

♦2010 гъэм УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ Москва къалэм и Iэтащхьэ Лужков Юрий дзыхь зэрыхуимыщIыжым къыхэкIыу и къулыкъум тетэкIыным теухуа унафэм.

♦Урысейм хамэ къэрал IэхуэхэмкIэ министру щта джныз **Черкасский Алексей** къызэралъхуэрэ илъэс 337-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакIуэ щIэрыIуэ **Мериме Проспер** къызэралъхуэрэ илъэс 214-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, литературэдж, теленэтынхэр езыгъэкIуэкIыу щыта, СССР-м и цIыхубз артист, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфащэ **Адроников Ираклий** (и унэцIэ дыдэр **Андроникашвилиц**) къызэралъхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Ленинград дэт Театр Иным и режиссёр нэхъыщхьэу щыта, СССР-м и цIыхубз артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным, Сталиным я цIэхэр зезыхьэ саугъэтхэр, СССР-м и Хъэрэ саугъэтыр тIэунейрэ зрата **Товстоногов Георгий** къызэралъхуэрэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Совет егъэджакIуэ щIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Сухомлинский Василий** къызэралъхуэрэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ актёр щIэрыIуэ **Мастроянни Марчеллэ** къызэралъхуэрэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Конструктор-модельер, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **СтIащ Юрий** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Дагъыстэнми Ингушми гъуэзджэхэмкIэ щыхь зиIэ я лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЩIДАА-м и корреспондент **Бетыгъуэн Iэуес** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкIэ, Налшык уфаусэ щыщыгъуэ, уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

ФокIадэм и 29, *мэрем*

♦Тенджызым и дунейпсо махуэщ

♦Гум и дунейпсо махуэщ

♦1887 гъэм Германием къущIэзрагъэпэщащ «Гамбург» футбол командэр.

♦1907 гъэм Санкт-Петербург трамвайм лэжьэн щIащIдзащ.

♦1916 гъэм «Стандарт Ойл» компаниер къызэзыгъэпэща Рокфеллер Джон дунейм япэу мелардырыбжэ щыхъуащ.

♦1956 гъэм Совет Союзым къыщызэрагъэпэщащ Зауэм хэтахэм я комитет.

♦Япэ адыгэ тхакIуэ, дзэ къулыкъущIэу щыта **Къаз-Джэрий Сулытан** къызэралъхуэрэ илъэс 210-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ щIэрыIуэ **Островский Николай** къызэралъхуэрэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Хьэбэчыр Умар** къызэралъхуэрэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлатэзехуэ, генерал-лейтенант, Сирием и лIыхъужь **Абазэ Мамдухь** къызэралъхуэрэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ политик щIэрыIуэ, а къэралым и Министрэхэм я Советым и унафэщIу щыта **Берлускони Сильвио** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, РСФСР-м и цIыхубз артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Демидова Аллэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Польшэм щыщ къэрал лэжьакIуэ, а къэралым и президенту 1990 - 1995 гъэхэм щыта, мамырыгъэм хуэлажьэхэм папщIэ Нобель игъэува саугъэтыр зрата **Валенсэ Лех** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Урысей тележурналист щIэрыIуэ **Крылов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Чилим и президенту нэхъапэм щIыхьэ зэи хамыхауэ, а къулыкъур зыхуагъэфащэ **Бачелет Мишель** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Быдэ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Албаниеми и президент **Нишани Буяр** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Украинэм щыщ футболист щIэрыIуэ, «Дыщэ топ» саугъэтыр 2004 гъэм зыхуагъэфащэ **Шевченкэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщыгъунущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псэр зэхъуапсэр дахэщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ЛАВРОВ Сергей:

«Дыззгъусэу дыпсэунущ дыкъыщIалъхуар»

Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгуэныгъэм (ООН) и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 72-нэ сессием хиубыдау УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхуэхэмкIэ и министр Лавров Сергей зэIущIэ щыпы бжыгъэхэм хэтащ. Псоми фыкIыщIэщIыкIуэжри, абы и еплъыкIэр къыщиIуэтащ фокIадэм и 22-м иригъэкIуэкIа къэпсэльэныгъэм.

АБы и гупсысэ нэхъыщхьэр зыхуэкIуэр дунейпсо зэгуэныгъэм и кIыхьэгъэщакIуэхэм я уэсятхэм хуэкIуэжьырщ. Лавров Сергей дунейпсо цIыхубзр къурижджаг ООН-м и къалэн нэхъыщхьэр - мамырыгъэм папщIэ зэгуэныгъэр - ягу кьагъэкIыжьыну.

Министрым и къэпсэлъэныгъэм щыщIидзам Ассамблее Нэхъыщхьэм и пэщым цIыхухэр щIэз хъуащ. Лавровым псори гупсэхуу едаIуэрт. Абы зэпкърихащ дуней псор зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ нэхъ инхэр.

УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхуэхэмкIэ и Iэнатlэм и Iэтащхьэм, псом япэрауэ, ягу кьигъэжьажащ илъэс блэкIам и дыгъэгъазэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщата резолюцэр. Абы къыщыгъэлъэгъуащ демократиерэ мамырыгъэ дуней хуэхэкIэмрэ гъэувыным щIэгъэкъуэн хуэхъуэн хуейуэ. А резолюцэм арэзы темыхъуар къэрал зыбжанэщ.

«Абыхэм ящыщщ ООН-м и Уставым и къалэн нэхъыщхьэхэм ебакъуэу дунейпсо Iуэхуэхэм щытепщэ хуэну хущIэкъу, адрей лъэпкъхэр зэрыпсэунум и унафэ хуэзышI, дунейпсо хуитыныгъэр къэзгъэзекIуэтэ къэралхэр», - жиIащ Лавровым.

КъыкIэлъыкIуэу дипломатым и гугъу ищIащ махуитI и пэкIэ къэпсэлъа США-м и президент Трамп Дональд нэгъуэщI лъэпкъхэм унафэ хуащIыну зэрыхуэщIэмыкъым, къэралхэр зэкъуэту лэжьэн зэрыхуейм текъуэауэ жиIа псалъэхэм.

«США-м и политикэр пэж дыдэу а щIыкIэм тетыну щытмэ, абы арэзы темыхъуэн къытхэну си гугъэкъым», - дыщIигъужащ министрым.

Лавров Сергей жиIащ КъухьапIэм щыщIэ неонацист зэщIэхъеенигъэхэм я Iуэхуэхэр къызэпыудын зэрыхуейр.

«ПIьагъумыхъуныгъэмрэ зымышыIэныгъэмрэ къызэщIагъаплъэурэ терористхэм, экстремистхэм, националистхэм тхыдэ, дин, щэнхабзэ мыхьэнэ зиIэ уху нэныгъэхэр зэтракъутэ, зэхауцIапIэ. Цивилизацэр щыщыIэ Европэм щызэтракъутэ щIыналъэр хуит къэзыщIыжахэм, ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и лIыхъужьхэм, зи текIуэныгъэр ООН-м лIабжьэ хуэзыщIахэм я фэепльхэр», - къыхигъэщащ урысей министрым.

Лавровым и къэпсэлъэныгъэм зэкIэлъхьэужьу щызэпкърихащ Трамп Дональд адрей къэралхэм теухуауэ жиIахэр.

«КНДР-м ехьэлIа псалъэмакъыр куу мэхъу. ООН-м ШынагъэныгъэмкIэ и Совет ым и резолюцэм темыт ракетэ ядерныр къэзыгъэкIа Пхеньянрэ догъэкъуанщэ. Ауэ ар зауэ IэмалкIэ зэхэзгъэкIыным зыри къызэрымыкIуэным и мызакъуэу, кIуэдыдэ къызэрыкIын Iуэхугъуэ. ООН-м ШынагъэныгъэмкIэ и Совет ым и резолюцэр псори гъэзэщIэн хуейщ. ЩытыкIэр зэпсэльэныгъэ щыкIэкIэ Iэмал имыIэу зэпIэзэрыт щIыжьпсъэщ», - тригъэчыныхьащ Лавровым.

Министрым жиIащ США-р КНДР-м зэремыуэнур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Пхеньян ядер Iэщэ иIэщи.

«США-м Ираким щригъэкIуэкIа зауэм щIидзащ абы апхуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэ зэрамыIэм щыгъуаэзти. Кореем американхэр еуэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэ хуагъэфащэ къудей мыхъуу, абыхэм ящIэ КНДР-м ядернэ бомбэ зэриIэр», - дыщIигъуащ абы.

«Абы кърикIуэнухэр Штат Зэгуэтхэм зэпамыльытмэ, щытыкIэ хьэлъэ къриКIуэфынущ. Iуэхум и зэран екIынущ Корее Ипщэм Корее Ищхъэрэмм, Японием, Урысейри Китайр жьжьэкъым, лажьэ зимыIэ я цIыху минищэ бжыгъэхэм», - жиIащ УФ-м и МИД-м и Iэтащхьэм.

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщыщIэсалъэм Трамп жиIащ, къэралым и шынагъэншагъэм зыгуэркIэ зэран къыхуэхъуну кIылъытэмэ, США-м КНДР-р зэригъэкIуэдынур.

«США-м шыIэныгъэ хэлъщ, США-р къаруц, ауэ дэ е ди акъылзэгъуэхэр тхъумэжьну драхулIэмэ, дэ хэкIыпIэу къытхуэнжьыр КНДР-р зэрыщIыту дгъэкIуэдынырщ. ЦIыху-ракетэ (Ким Цен Ын) езыми и цIыхуэхэми я кIуэдыжьпIэ къыпльыхъуэу аращ. США-р хьэзырщ, хуейщ икIи хуэзэфIэкIынущ КНДР-р ягъэкIуэдыну, ауэ щогугъ абы Iуэхур нэмысыну», - жиIащ США-м и президентым.

МыдэкIэ Ким Чен Ын президентым и псалъэхэр делагъэу кьилъытащ икIи жиIащ Трамп и псалъэхэм щхьэкIэ США-м жэуап яригъэхьыну.

«Трамп сыт хуэдэ гугъэхэр иIэу щытми, абы игу къэмыкIыхха жэуап еттыфынущ. Сэ сыхьэзырщ зи акъылир зэтекIа американхэр марфIэкIэ згъэсабырыну», - жиIащ Ким Чен Ын.

ИужьыгъэкIэ Трамп жиIащ Корее Ипщэм я Iэтащхьэр куэд щIауэ ягъэкIуэдын зэрыхуеяр. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, ар зэфIэзэгъэкIын хуеяр Клинтонщ е Обамэщ. «Мыбы и унафэр ильэсий, пщыкIуплI-пщыкIуту илэкIэ ящын хуейщ, ар иджыпстукъым щызэхэгъэкIыпхъэр. Ауэ абы и унафэ сэ сщIынщ», - жиIащ Трамп.

«Дэ тхуэшэчынукъым адэ-мыдэкIэ ракетэ зэбгрызыгъэлъэт щIалэ делэр», - дыщIигъужащ абы.

«Дэ дызыхущIэкъур США-м и къарум зыхуэдгъэдэныр. КНДР-р - жэуаплынгъэ зыхэлъ, ядер Iэщэ зыIэщIэлъ къэралщ. США-м е абы и жыIэм щIэтхэм къабгъэдэкIыу ди лIыщхьэр ягъэкIуэдыну яужь ихьэмэ я зэуэ къыдащIыпIэмэ, гущIэгъуныщэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэпыну дыхьэзырщ», - щыжиIащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщыпсэлъа Корее Ипщэкъуэ урыс философ Сенекиу и мыистр Ли Ен Хо.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэ и мызакъуэу, дуней псом террористмэм зэкъуэту ебэнын зэрыхуейр иджыри зэ къыхигъэщыжри, УФ-м Нэгъуэщ I къэрал IуэхуэхэмкIэ и министрым и къэпсэлъэныгъэр зэхуигъэщжащ урыс философ Сенекиу и мыистр Ли Ен Хо.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэ и мызакъуэу, дуней псом террористмэм зэкъуэту ебэнын зэрыхуейр иджыри зэ къыхигъэщыжри, УФ-м НэгъуэщI къэрал IуэхуэхэмкIэ и министрым и къэпсэлъэныгъэр зэхуигъэщжащ урыс философ Сенекиу и мыистр Ли Ен Хо.

«Дызэгъусэу дыпсэунущ дыкъыщIалъхуар».

БАЙКОВЭ Татьянэ.
«Известия»

Курортхэм

Туризм

хэлъхьэныгъэ хуащI

Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм зегъэужьыным федеральнэ бюджетым хухихынущ сом мелард 42-рэ. Правительствэм и апхуэдэ унафэм и проектыр игъэхьэзыращ Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм. Iэнатlэм зэрыщыжаIэмкIэ, япэщыкIэ мылъкур хуаутIыпщынущ Шэшэн, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм турист унэтIныныгъэхэр щызэфIэгъэувэным.

МЫ ГЪЭМ и щышылэм Урысейм и Президент Путин Владимир Правительствэм пщэрыльэ щIащI 2021 гъэм ирихьэлIэу Кавказ Ищхъэрэм турист объектхэр щыхуэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэфIигъэкIыну. Апхуэдэу, Кавказ Ищхъэрэм и IуэхуэхэмкIэ министерствэм игъэхьэзыра дэфтэрым къыщыкъащ щIыналъэм и курорт унэтIныныгъэм зегъэужьыным сом мелард 42,2-рэ текIуэдагъэхэу. Абы и нэкIуэр 2018 - 2020 гъэхэм кIурубыдэу яутIыпщынущ.

«Мыпкъур къызэрыдэмэщIэкIым къыхэкIыу унэтIныныгъэ нэхъыщхьэу къыхэтхащ «Архъыз», «Ведучи» курортхэр. Зыр адрейм зэран зэрыхуэмыхъун Iэмалхэр къэдгугъпсысащ, зыуэ щыт техникэ, унафэ яIэнущ», - щыжаIащ Кавказ Ищхъэрэм и IуэхуэхэмкIэ министерствэм.

Къэрэшей-Шэрджэсым щахуэнущ илъэс псом лажьэ «Архъыз» турист-рекреацэ комплексыр. 2018 гъэм ар къызэрагъэпэщынущ кIапсэ гъуэгуэмкIэ, бгы-лыжэ лъагъуэхэмкIэ, уэс Iэрыщ зыщI IэмэпсымэхэмкIэ, транспортымрэ нэгъуэщI инфраструктурэмкIэ. Уху нэныгъэхэр 2020 гъэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIын хуейщ. Псори зэхэту бюджет мыльку абы текIуэдэнущ сом меларди 4,8-рэ.

Шэшэн Республикэми щахуэнущ илъэс псом лажьэ «Ведучи» турист-рекреацэ комлекс. «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгуэныгъэм и мурадщ 2018 гъэм гъуэгуэр ищIыну. 2019 гъэм и планым итщ кIапсэ гъуэгуэр, бгы-лыжэ лъагъуэхэр уэс Iэрыщ зыщI Iэмэпсымэхэр, инженер, транспорт инфраструктурэр. А лэжьыгъэхэм сом меларди 8,4-рэ текIуэдэнущ.

«Шэч хэмылъу, Кавказ Ищхъэрэм зыщызыгъэпсэху туристхэм я бжыгъэм илъэс къэс хохъуэ. Ауэ къызэгъэпэщыкIэр зэрыкIащхъэм гу лъыботэ. Къапщтэмэ, хэхъуэ щыIэщ, ауэ Кавказым щыщIэрыIуэ щIыпIэхэмрэ тенджыз ФIыщIэмрэ ахэр зэкIэ хьэрхуэрэгъэ хуэхъуфынукъым», - жиIащ Урысейм и турист операторхэм я зэгуэныгъэм и вице-президент Уманский Илья. Ресторизмэм кьихьа бжыгъэхэм къегъэлъагъуэ Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм зыщызыгъэпсэхуэр нэхъыбэ зэрыхуар. Апхуэдэу, 2017 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ нахъыбэ мазэ пщIондэ Ингушым кIуаIу щыху мин 18,3-рэ. Ар илъэс блэкIам и апхуэдэ дыдэ лъхъэнэм нэхърэ процент 63,4-кIэ нэхъыбэщ. Ставрополь краим щыIащ турист мин 501,7-рэ (нэхъуэр процент 24-рэ хъуащ). Кьэбэрдей-Балъкъэрым зыщызыгъэпсэхуахэр цIыху мин 31-рэ мэхъу.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий мы гъэм Есэнтlыгу щыщIыам тепсэлъыхьащ щIынальэм туризмэм зыщегъэужьыным. Абы къызэрыкIуэщамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм зыщегъэужьрыну турист унэтIныныгъэшхуиплIым ящыщу щым - бгы туризмэм, щэнхабзэ-тхыдэ туризмэм, псымрэ абы къыхьа ятIэхэмкIэ зэрызагъэхъуэ туризмэм. Абыхэм ящыщу нэхъ зызыужьар бгы-лыжэ унэтIныныгъэрщ. ИлъэситIым къриубыдэу мыбы къекIуалIэхэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ хуащ - цIыху мелуан ныкъуэм нэблагъэ. ЩIэныгъэлIэхэм къызэралъытакIэ, Кавказ Ищхъэрэм зыщIэ нэхъыби къыхуегъэблэгъэнущ - илъэсым хуэзэу мелуани 10-м нэблагъэ.

Абы щыгъуэм, Есэнтlыгу Премьер-министрым къыщыхигъэщащ щыналъэм туризмэм зыщиужьыныр зэтезыIыгъэ щхьэусыгъуэщIр. Ар щIэныгъэ хуэфащэм зыбгъэдэлъ лэжьакIуэхэр зэрыщымыIэрщ, бгы-лыжэ курортхэм страховой компаниехэр кьешэлIэн зэрыхуейрщ, бгым дэзыш кIапсэ гъуэгуэхэр кьыщIэзыгъэкI ди къэралым зэрыщымыIэрщ.

АБРАМОВ Денис.
iz.ru

Зэпыщlэныгъэхэр

ДНР-м и центрхэр Европэм къыщызэIуах

Франджым и Марсель къалэм гуфIэгъуэкIэ къыщызэIуахащ езым яригъувыжа Донецк ЦIыхубз Республикэм и центр щхьэхуэ. Ар Франджым щатхащ мы гъэм и гъэмахуэм ипэм, ауэ лэжьэн щыщIидзар фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзаущ.

ГУФIЭГъУЭ зэхьыхьэр щылэкIэлар езы Iуэхущlапlэрахъым, атlэ Novotel хьэщIэщырщ. Центрым и унафэщI Файяр Юбер зэрыжиIамкIэ, апхуэдэу щытраухуам щхьэусыгъуэ хуэхъуащ цIыхухэм я щынагъэншагъэр нэхъ тэмэму къызэрызэщыныр.

«Ди зэгуэныгъэм мурад ищIащ ДНР-м щыпсэухэм папщIэ Франджым кIуэ «щхьэгъубжэ» хилъхьану икIи мыпхуэдэ центр къызэIутхащ», - жиIащ Файяр.

Центрым и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщщ интернетым напэкIуэцI къызыгъэзэхуныр, концертхэмрэ гъэлъагъуэныгъэхэмрэ егъэкIуэкIыныр. «Къищынэмыщ1ауэ, зэпытщIэну дыхуейщ щыпIэ школакIуэхэмрэ Донбассым щыIэ еджакIуэхэмрэ», - дыщIигъужащ абы и унафэщIым.

Нэхъапэ1уэкIэ Франджым Нэгъуэщ1 къэрал Iуэхуэмкlэ и министерствэм щыжаIауэ щытащ ДНР-м и центрыр къэралым зэрыщатхар зэгуэныгъэ хуэдэу фIэкIа зэрыщымытыр икIи дипломат мыхьэнэ зэримыIэр. Республикэм и центрхэр къыщызэIуахауэ щолажьэ Алыджым, Италием, Чехием, Финляндием.

«РИА» хъыбарыщIэхэр.

Хэт нэхъыбэ къилэжьрэ?

Улахуэ

Сыт хуэдэ Iэщlагъэм ирилажьхэм я улахуэр нэхъыбэми зэхигъэкIын мурадкIэ Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зэщIэщыжьыныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ Iэнатlэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ. Абы къызэригъэлъагъэмкIэ, 2017 гъэм и япэ Iыхьэм улахуэ и лъэныкъуэкIэ зи Iуэхур нэхъ къикIахэм я рейтингым япэ увыпIэхэр щаубыдащ тенджыз флотым я капитанхэмрэ къэхъулъатэхэм я командирхэмрэ.

АПХУЭДЭУ, къэхъулъм и капитанхэм я улахуэр мазэм сом мин 500 мэхъу, къэхъулъатэм и командирхэм сом мин 312-рэ къалэжь. Абы къыдэкIуэуи, етIуанэ къэхъулъатэзехуэм и улахуэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэщ (сом мини 180-рэ). Улахуэ нэхъыбэ къыщахь Iэщlагъэ ипщIым хьэхащ сом мин 300-м нэблагъэ къэзылэжь хоккей командэхэм я тренерхэр, уухуакIэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр (сом мин 250-рэ), стоматологхэр, инженер-электрикхэр. Абыхэм я улахуэр ику ити сом мин 200-м ноблагъэ. Министерствэм къызэритамкIэ, IT унэтIныныгъэм и аналитикхэм мазэм сом мини 190-м нэблагъэ къахохьуэ.

Росстатым и бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, къэралым ику ити къыщIекIуэкI улахуэр сом мин 38,7-рэ мэхъу. Абы къыдэкIуэу Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжьныгъэмкIэ министерствэм зэрыщыжаIам тепщIыхьмэ, Урысейм щIэупщIэ щызиIэ Iэщlагъэхэм ящыщщ инженер-технологхэр, станокхэр зыгъэлажьэхэмрэ зэзыгъэпэщыжьхэмрэ, дохутырхэр, бухгалтерхэр. Лэжьапlэ ягъэувыну сытым дежи къальыхьуэ зи Iэщlагъэм хэзыщIыкI уухуэныгъэ унэтIныныгъэм пэрытхэр, пщафIэхэр, хъумакIуэхэр.

«ТАСС» хъыбарегъащIэ Iэнатlэ.

Ппланэпэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**